

# BURLINGTON SCHOOL DISTRICT



Ncuti banyeshure n'imiryango,

Ugwego nyobozi gw'igisata c'amashure muri Burlington igerageza kugwanira agateka ka buri mwana ko kuja ku mashure ari muri Burlington. Twemera ko buri umwana wo muri Burlington ategerezwa kwumvirizwa no kugira umutekano ukwiye mugihe kw'ishure kandi buri munyeshure akaronswa inyigisho z'ubumenyi buhanitse.

Ugwego nyobozi gw'igisata c'amashure muri Burlington bugwanira ko abanyeshure bose bafatwaco kimwe. Turubaha abanyeshure bava mu muhingo yose, imiryango, n'abakozi bose barafashanya mugutanga ivyiyumviro bihuza abantu bose, ubumenyere n'imico. Mu gisata cacu dutegura ikibanza ciza c'ubaha no kwubahiriza abanyeshure uko bari kose. Twese hamwe twemera ko ubudasa ari ubutunzi ku ndero y'ubumenyi bwa bose, kandi ko ari ingabire kuri twebwe.

Kuri izi ngingo rero aya mategeko n'ingizo zikurikira arasubiwemwo:

- Abanyeshure BOSE bararekuriwe kuja ku mashure yo muri Burlington, tutaravye uko yinjije mu gihugu. Icodushira imbere ni indero n'umutekano ku banyeshure bacu bose.
- Ntitubaza ku bijanye, kwegeranya, kubika canke ku vuga amabanga ajanye nico umunyeshure canke umwe mu muryango arico. Tuzobandanya igikorwa cacu co gukingira amabanga y'abanyeshure. Dukwirikiza uburenganzira n'amabanga akingira indero ku miryango (Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA), amategeko ya Leta nkuru akingira amabanga y'abanyeshure bose.

Ibisabo vyarivyo vyose vyo kuronka uburenganzira ku mashure canke kumenya amashure na bajejwe abimukira no gucunger'imipaka bazorungikwa ku murongozi ajejwe amashure mu ntara. Tuzoshira ahabona inkuru canke kurekurira kumenya ibibandanya mugihe amategeko azobitegeka.

- Ikomine izofasha no gutanga inkuru ku miryango izoba ifise ibibazo bijanye n'uburenganzira bwo kuronswa indero y'unimenyi canke uburenganzira buhabwa n'amategeko tubicishije ku bandi babifisemwo ubumenyi bo mu karere kacu nk'ishirahamwe rijejwe kwa kira impunzi(Vermont Refugee Resettlement Program), abajejwe gufasha muvy'amategeko(Vermont Legal Aid), mu biro vya rusangi bijejwe kuburanira abanyagihudu( Attorney General's office), n'abaserukira Leta bo muri Vermont ( the offices of Vermont's congressional representatives).

Turahiriwe ko muri bamwe mu bagize igisata c'amashure ya Burlington murimwo. Ubu ni uburenganzira bwanyu, kuba tubafise ngaha biha agaciro umuji wa Burlington n'amashure yacu ya Burlington.

Turabahaye ikaze n'amaboko yompi! -  
Bodi y'igisata c'amashure yo muri Burlington

